ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№27 (23.685) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 23, мэрем ● И уасэр зы тумэнщ

Мазаем и 23-р Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и хъуэхъу

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, Хэку зауэшхэмрэ Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм-рэ я ветеранхэм сохъуэхъу.

Мы махуэшхуэр и нэщэнэщ ди къэралым и лIыхъужь тхыдэм, Iэщэ яIыгъуу Хэкур зыхъума сэлэт, офицер щIэблэ куэдым, къэралым и шыгагъуэншагъэмрэ лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэмрэ нобэ къыщхьэщыжхэм я лIыгъэм, быдагъым, хахуагъэм.

Псалъэ нэхъ гуапэ дыдэхэр яхудогъаэз нациямэр зэтезыкъутэу текIуэныгъэр къытхуэзыхьа щIэблэ иным, псэемыблэжьныгъэмрэ лIыгъэмрэ, къалэным хуэпэжьныгъэмрэ Хэкум хуаIэ фIыльгъуныгъэмкIэ дуней псом щапхъэ яхуэхъуахэм.

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, ди ветеран лъапIэхэм узыншагъэ, мамырыгъэ, насып, зэIуэзэпэщынигъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Ветеранхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныкIэ щIалэгъуалэр хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ жылагъуэ лэжьыгъэм жыдэжру зэрыхэтым къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэм** - Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мазаем и 19-м
№14-УГ

Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм 1943 гъэм щIышылэм и 7-м къыщалъхуащ. Баку дэт дзэ унафэщI училищэ нэхъыщхьэр къиухри, 1965 - 1972 гъэхэм КъуэкIыпIэ жыжьэ округым къулыкъу щищIащ. Фрунзе и цIэр зезыхьэ Дзэ академием ехъулIэныгъэ иIэу щеджа иужькIэ Прикарпатскэ дзэ округым ягъэкIуащ, япэщыкIэ мотострелковэ полкым и штабым и унафэщIу, къыкIэлъыкIуэу мотострелковэ полкым и командир хъуащ, итIанэ мотострелковэ дивизием и штабым и Iэтащхьэу ягъэуващ. 1983 - 1985 гъэхэм Чехословакием и къулыкъум щыпищащ, мотострелковэ дивизием и штабым и унафэщIу.

1985 гъэм щыщIэдзауэ 1987 гъэ пщIондэ щеджащ СССР-м Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда и Къарухэм и генеральнэ штабым и дзэ академием (унафэщIэр щагъэхьэзыр факультетым).

«Полковник» цIэр иIэу пенсэм щыкIуа 1994 гъэ пщIондэ къулыкъу щищIащ: Белорусскэ дзэ округым - 7-нэ танк армэм и оперативнэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу.

Дзэм къыхэкIыжа иужькIэ, 1999 - 2005 гъэхэм лэжьащ КъБР-м и ДОСААФ-м и Налшык техникэ школ зэгуэтым и унафэщIу. 2005 гъэм щыгъэмкIэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм.

щIэдзауэ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ я Къэбэрдей-Балкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ.

Багъуэ Плъыжь орденыр, къэрал, жылагъуэ дамыгъэрэ медалу тIощым щIигъу къыхуагъэфэщащ.

Унагъуэщ, къуитI игъэсащ.

Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм 1943 гъэм щIышылэм и 7-м къыщалъхуащ. Баку дэт дзэ унафэщI училищэ нэхъыщхьэр къиухри, 1965 - 1972 гъэхэм КъуэкIыпIэ жыжьэ округым къулыкъу щищIащ. Фрунзе и цIэр зезыхьэ Дзэ академием ехъулIэныгъэ иIэу щеджа иужькIэ Прикарпатскэ дзэ округым ягъэкIуащ, япэщыкIэ мотострелковэ полкым и штабым и унафэщIу, къыкIэлъыкIуэу мотострелковэ полкым и командир хъуащ, итIанэ мотострелковэ дивизием и штабым и Iэтащхьэу ягъэуващ. 1983 - 1985 гъэхэм Чехословакием и къулыкъум щыпищащ, мотострелковэ дивизием и штабым и унафэщIу.

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и хъуэхъу

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, Хэку зауэшхэмрэ Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм-рэ я ветеранхэм сохъуэхъу.

Мы махуэшхуэр и нэщэнэщ ди къэралым и лIыхъужь тхыдэм, Iэщэ яIыгъуу Хэкур зыхъума сэлэт, офицер щIэблэ куэдым, къэралым и шыгагъуэншагъэмрэ лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэмрэ нобэ къыщхьэщыжхэм я лIыгъэм, быдагъым, хахуагъэм.

Псалъэ нэхъ гуапэ дыдэхэр яхудогъаэз нациямэр зэтезыкъутэу текIуэныгъэр къытхуэзыхьа щIэблэ иным, псэемыблэжьныгъэмрэ лIыгъэмрэ, къалэным хуэпэжьныгъэмрэ Хэкум хуаIэ фIыльгъуныгъэмкIэ дуней псом щапхъэ яхуэхъуахэм.

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, ди ветеран лъапIэхэм узыншагъэ, мамырыгъэ, насып, зэIуэзэпэщынигъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

КъыхэжаныкIахэр ягъэлъапIэ

● Гулъытэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм дыгъуасэ щызэхэта гуфIэгъуэ зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

АБЫ щагъэлъапIащ зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, гъуэдзджэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди нэхъыжьыфIхэр, УФ-м и Урысей Лъэпкъ гвардием, МЧС-м и республикэ къудамэхэм я пашэхэу къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэфIэзыгъэкIахэр.

- Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу фIыззрызэхэтшэсам ди гуфIэгъуэм нэхъри зригъэIэту къызэлъытэ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КIуэкIуэ Юрий. - ИжькIэрэ къыддокIуэкI зауэм лIыгъэ щызезыхьахэм, мамыр гъащIэм и Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэ ин къыщызыгъэлъэгъуахэм пщIэшхуэ хуэщIныр, апхуэдэхэр гъэгушхуэныр, щIыхьэм я пащхьэ щыгъэлъэпIэныр. Мыбдежым къыщызэхуэсахэм сынывохъуэхъу щхьэж зыпэрыт Iэнатlэм дяпэкIи фыщекъулIэу, узыншагъэ быдэ фиIэу куэдрэ фыпсэуну!

Зэхьихьэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр щIыхуи 4-м ирагъащ: музыкэ гъуэзджэм зегъэужьыным куэд зэрыхилажьыхьам папщIэ **Кьардэн Хьэсэн Екъуб и къуэм**, ветеранхэм защIэгъэкъуэнымрэ щIалэгъуалэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтахэм щхьэкIэ зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ, республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэу **Абдуллаев Мустэфа Камал и къуэмрэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэмрэ**, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхилажьыхьам къыхэкIыу **Хьэжу Владимир Щамил и къуэм** - «Тэрч алмаз Iэмэпсымэ завод» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэм.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ! ГъащIэм кIуэ пэтми нэрылъагъу къытщещI УФ-м Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда и Къарухэм зэрызаужьыр, я лъэщагъым зэрыхэхъуэр. Хэти къыгуроIуэ, къэралым и зыхъумажьныгъэр, и зэфIэкIыр ар зауэ хуэIуэхущIэхэм зэрыхуэхьэзырым и мызакъуэу, и экономикэм и щытыкIэми зэрелъытар. Арац мыбдежым дзэм хэтхэри цIыхубз хозяйствэм ехъулIэныгъэ къыщызыгъэлъагъуэхэри щIыщыщэздзэдзэльаплIэр. Мы пэшым щIэсщ «НыбжьыщIэхэм я Армэ» («Юнармия») зыфIаща урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм хэтхэри. Ахэращ фэ, нэхъыжьыфIхэм, фи ехъулIэныгъэхэм къыпызыщэнри, къэралым дяпэкIэ и къэкIуэнум хуэлэжьэнури. КърихьэлIа псоми, жьыми щIэми, мазаем и 23 махуэшхуэмкIэ иджыри зэ сынывохъуэхъу, етIанэгъэ пIалъэ фIыкIэ дынэсыну си гуапэщ! - къыпищащ и псалъэм КIуэкIуэ Юрий.

Къэпсэльэныгъэхэм яужькIэ, зэIущIэм къыщызэхуэсахэр щхьэхуэ-щхьэхуэурэ махуэшхуэмкIэ гуапэу зэхъуэхъуащ, гукъинэжь сурэтхэр зытраГъэхащ.

КIУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балкъэрым и Iэтащхьэр хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр кърихьэлIэу тепсэльыхьащ хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымрэ республикэм исхэм шынагъуэнщагъэ къахузэгъэпэщынымрэ япыщIа Iуэхухэм



Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэм Къэбэрдей-Балкъэрым и Iэтащхьэр щытепсэльыхьащ хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымрэ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ зэхэгъэкIыным. Хэкум и хъумакIуэм и махуэр. ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэр щагъэлъапIэ, президент хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр зэманым цIыхухэм шынагъуэншагъэ къахузэгъэпэщыным япыщIа Iуэхухэм.

КIУЭКIУЭ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ профилактикэ лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэн, цIыху куэд щызэхьыхьэ щIыпIэхэм, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущапсэныгъэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iэнатlэхэм, хэхьпIэ участкохэм терроризмэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным егупъун зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м Законикэм, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Татгу Къ. Б., УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Воронин С. В., УФ-м и ФСВ-м и Лъэпкъ гвардиемкIэ Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Макитов М. Б., къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Ромашкин И. К., УФ-м Следствэмкlэ и комитетым Следствэмкlэ и управленэу КъБР-м щыIэ Устэ В. Хь., ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Маржэхъу М. Хь., УФ-м и Федеральнэ хъумакIуэ къулыкъущIапIэм Связь хэхамрэ информацэмкlэ и центру КъБР-м щыIэм и унафэщI Волошин В. В., Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Танэ Э. Б., КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Жеккеев А. М., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Черный М. В. сымэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыхуэзащ автомобиль къыздэжапIэхэр щIынымкIэ Iэщlагъэлl Тильке Герман



КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Формула-1 автомобиль къыздэжапIэхэр щIынымкIэ Iэщlагъэлl. Къэбэрдей-Балкъэрым и Аруан районым хиубыдэу ящI «Кавказавтосити» автомобиль спорт центрым и проектхэр зыубзыху Тильке Герман. Япэу ахэр 2017 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм зэхуэзэуэу щытащ мы ухуэныгъэм и проектхэр иджырей зэманым къигъэувхэм еэзгъыу зэхъуэкIыжын хуэдэ зэрыхъуам къыхэкIыу.

«УЭ УКЪЫЗЭРЫДДЭПАЖЬЭМ мы ди проектым и мыхьэнэр нэхъри къиIэтыну дыщогугъ. Къэбэрдей-Балкъэрым исхэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм папщIэ центрыр хьэзыр щыIэну Iэхуэшхуэщ. «Кавказавтосити» проектыр къэрал мыпкъымрэ уней мыпкъымрэ зэгъэуIуау фейдэ пылъу къэгъэсэбэпынымкIэ щапхъэу увыну дыщогугъ», - къиигъэльэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Иджыпсту центрыр щIэгъэхуэбжьаущ яухуэ. IэщlагъэлIэкI я мурадщ гъуэгум и Iыхьэ нэхъ захуэу метр 1300-рэ хъур накъыгъэм ирихьэлIэу хьэзыр ящIыну. Къызэдэжапlэ нэхъыщхьэм (метр 4500-м щIигъу зи кIыхьагъым) теухуауэ КIуэкIуэ Юрий жIащ ар дызыхуэкIуэ илъэсым къриубыдэу хьэзыр ящIын зэрыхуейр. Мы Iэнатlэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэмрэ материалхэмрэ я фIагъым ткIийуэ кIэлъоплъ урысей, нэмыщ Iэщlагъэлlхэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. Тl.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 23, *мэрем*

♦**Белоруссием, Къыргызым, Урысейм, Таджикистаным, Осетие Ипщэм Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**1942 гъэм** Кьардэн Къубатий Пенин орденыр япэу къратащ.

♦**1944 гъэм** СССР-м ЗыхъумэжныгъэмкIэ и къэрал комитетым унафэ къищтащ Шэшэн-Ингуш Республикэр зэрыщымыIэжым теухуауэ. Абы илкъ иткIэ, я щIыналъэм ирашри Азие Курыт ымрэ Къэзахъстаным я гъэIэпхъуауэ щытащ шэшэн, ингуш лъэпкъхэм ящыщу цIыху 493269-ра.

♦**1947 гъэм** Стандартизацэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1954 гъэм** СССР-м унафэ щащIащ щIыщIэхэр гъавэ щыбгъэкI хуэм хуэдэу вапIэхэм къызэгъэхьэным теухуауэ.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балкъэр обкомым и секретару щыта **Шэджыхьэщ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и цIыхубз артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Кьардэн Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Пащты Сулътlан** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэд** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубжокъуэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щIыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 5, жэщым 1 градус щыхьнущ.

Мазаем и 24, *щэбэт*

♦**Эстоние Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Мексикэм и къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1881 гъэм** Панамэ кIэнауэр ухуэн щIадзащ.

♦**1973 гъэм** ди къэралым и Верховнэ Совет щыпсэльыхьауэ «Нэрылъагъуэр - фIэщщIыгъуейхэр» нэтыныр.

♦Флотым и адмирал, тенджыз фIыщIэ флотыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ **Ушаков Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 273-рэ ирокъу.

♦ШэрджэкIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэгъэпсо Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъир Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Тембулэт** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхьнущ.

Мазаем и 25, *тхьэмахуэ*

♦**Кувейтым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Британием къыхэкIыу къэрал щхьэхуэ щыхъуа махуэр** (1961 гъэм) егъэлъапIэ

♦**1921 гъэм** Курскы ССР-р къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦**1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1956 гъэм** Хрущёв Никитэ КПСС-м и XX съездым и зэIущIэ зэхуэщIам къыщыпсэльащ Сталин Иосиф иригъэкIуэкIа политикэмкIэ зэрыщымыгъэзыр къигъэльагъуэу, ар щIэпхъаджагъэ пыухыкIахэмкIэ игъэкъуанщэу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч Хьэтlутlэ** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Жэмалдин** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Кьанщобий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхьнущ.

Мазаем и 26, *блыщхьэ*

♦**1918 гъэм** Совет правительствэр Петроград иокIри Москва мэзэпхъуэ.

♦**1990 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ СССР-м и Президент хуэлыкъуэр ягъэуващ.

♦ТхакIуэ **Щауэ Кьалидар** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Адыгэ сурэтыщI, цIыхубз Iэпщlэлъапщlэ, Iуэрыlуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Гъукlэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлъэдж Тимур** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 4 - 3 щыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

ЛIыфI шыфI хуэщщ.

● Пхёнчхан-2018

Ди Іыхьэ хэлъэкъым

Пхёнчхан щекІуэкІ XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэм дыгъуасэ медаль 33-м щыщІэбэнащ (дыщэу, дыжьыну, жэзу). Аршхьэкіэ Урысейм щыщ атлетхэм абы я Іыхьэ хэлъэкъым. Уеблімэ нэхъапэм къахьахэм зы хэщІыжащ.

СПОРТ арбитраж судым (CAS) дыгъуасэ унафэ ищІащ Брызгаловэ Анастасиерэ Крушельницкай Александррэ кёрлингымкІэ Корее Ипщэм щекІуэкІа зэпеуэм зэгъусэу къыщахьа жэз медалхэр ятыжьын хуейуэ. Ар къырикІащ мельдоний хущхъуэ зэрызрихьэлІам и лъэужьыр допингыгъуэтам. Псоми къагуроІуэ кёрлинг спорт лІэужьыгуэм абы зы мыхьэнэ зэрыщимыІэр, ауэ хабзэр фІэкІыпІэнэщэ. Фиру къэдгъэкІыжьынщи, теннисисткэ щІэрыІуэ Шараповэ Марие бэлыхь щІыхьхуауэ щытари спортсменхэм зрахьэлІэну хуимыт мельдоний ефэу зэрыщытаращ. Урысейм Кёрлингымкіэ и федерацэри, ягъэкъуаншэ спортсменхэри Спорт арбитраж судым и унафэм пэщІэуважьэм,Іэхуэр нэхъ кууж ямыщІын пап- щІэ, икІи медалхэр ятыжащ, иужькІэ, хабзэм кьыззэригъэувым тету пэжым щІэбэнынэ щыгугъыу.

Корее Ипщэм щекІуэкІ Олимпиадэ хужьыр пщэдей дэкІмэ иухынущ. Ар щызэхэщыжькІэ Урысей Федерацэм и ныпыр утыку кьрахьэу ди къэралым и Олимп Комитетыр МОК-м хагъэхьэжьынкІи мы махуэхэм зэхэкІ. Абы папщІэ къыхуагъэувэхэм ящыщщ къэудыуэ доллар мелуан пщыкІутху УФ-м итын зэрыхуейр, допингым пыщІа Іэзхуэр щызэхагъэкІым трагъэкІуэдар ирырагъэкъужьи, апхуэдэ дяпэкІэ къамыгъэхъун, лэжьыпхъэхэр ирызэфІагъэкІын папщІэ. Ахъшэр дыгъуасэ Дунейпсо Олимп Комитетым Іэрыхьащ. Адэкіэ ящІэнум дыпэплъэнщ.

Нобэ зэхэтыну зэпеуэхэм кэдкІэ дащогуГъ. Псом япэрауэ, тхьэмахуитІым нэбэлъагъэ Пхёнчхан щекІуэкІ XXIII Щ1ымахуэ Олимп джэгуэм икІэм-икІэжьым дыщэр къыщытІэрыхьэну дыпоплъэ. Абыкіэ дыкъамыгъэщІэхъуну ди хъуэпсапІэщ фигурист ныбжьыщІэхэу Загитовэ Алинэрэ Медведевэ Евгениерэ. Фигу къэдгъэкІыжьинщи, программэ кІэщІым иужькІэ цІыхубзхэм я зэхьэзэхэм ахэращ бжьыпІэр щызыІыгъыр. Иджыри зыри кьапэмыльэщыну догугъэ.

ЕтІуанэрауэ, хоккеймкІэ цІыхухъу командэр Чехием текІуэу кІэух зэІущІэм хыхьэн хуейщ, иужькІэ дыщэм щІэбэнын папщІэ. Армырамэ, Корее Ипщэм щекІуэкІ Олимпиадэ хужьыр ди къэралым и дежкІэ кІуэцІрыхуПауэ аращ - нэхъапэм зэи къэхъуакъым Совет Союзым е Урысей Федерацэм икІахэр апхуэдэу Іыхьэнэщэ щыхъуа. Аргуэру къытедгъэззэкІынкъым абы щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр сытми - ахэр псори зыщыгъуаззщ икІи гур хэзыгъэщІщ.

Официальнэу щымыт гуп зэпеуэм Норвегием и спортсменхэм бжьыпэр щауТІыпщакъым. Абыхэм кІэщІу яужь кьитщ зы Олимпиадэми апхуэдиз дыщэ -13 - нэхъапэм къыщызымыльа нэмыщІхэр.

XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэм къэрал 29-м я ІыкІыгъэхэр къыщыдэхэжаныкІащ. Совет Союзым къыддыхэтахэм ящыщу псоми иофІэкІ Корее Ипщэм дыгъуасэ етІуана дыщэр къыщызыхьа Белоруссиер. БиатлонымкІэ цІыхубз эстафетэм ахэр япэ щищащ икІи я пашэ Домрачёвэ Дарье еплІанэу Олимп чемпион хъуащ (Сочэ щэнейрэ щытекІуаща). Махуэ зыбжанэ ипэкІэ Пхёнчхан ар щхьэзэкъуэ зэпеуэм етІуанэ щыхъащ. КъыщынэмыщІауэ, Украинэм (дыщэ), Къэзахъстаным (жэз), Латвием (жэз) медаль зырыз зыІэрагъэхьащ. Урысейм щыщ атлетхэр тІощІрэ езанэ увыпІэм нэс къекІуэтэжащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэм къыщахьа медалхэр (мазаем и 22-м ирихьэлІэу)				
Къэралыр	**Дыщэу**	**Дыжьыну**	**Жэзу**	**Псори**
1. **Норвегие**	**13**	**12**	**10**	**35**
2. **Германие**	**13**	**7**	**5**	**25**
3. **Канадэ**	**9**	**7**	**10**	**26**
4. США	8	7	6	21
5. Голландие	7	6	4	17
6. Швеце	5	5	0	10
7. Франджы	5	4	5	14
8. Австрие	5	2	6	11
9. Корее	4	4	3	11
10. Швейцарие	3	6	2	11
21. **Урысей Федерацэ**	**0**	**4**	**8**	**12**

Республикэм исхэр сакъыну къыхураджэ

Террорым пэщІэтыныкІэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыІэ и оперативнэ штабым республикэм исхэр къыхуреджэ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр, ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэр щІэзгъэпэлІэ пІэзхьэнэм терроризмэм зыщыхъумэныкІэ хабзэхэр ягъэззэщІэну.

Щ1ыщымыгъэгупщэ, терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ нэхъыщхьэ дыдэр цІыхухэм я сакъыныгъэрщ.

Гурыщхъуэ фэзыгъэщІ сыт хуэдэ Іуэхуми, цІыху щхьэхуэми ятеуэхуэу хабзэхъэмэ органэхэм хъыбар евгъащІэ, абыхэм я Іэхущ1апІэхэм щІэт телефонхэмкІэ фІыгъэпсалъи.

Хабзэм и хъумакІуэхэм я телефонхэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым- **48-15-48**;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм- **48-15-81**;

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10**, **49-50-62**;

УФ-м Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм -**77-64-22**;

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм- **39-99-99**;

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

Лъэпкъым и тхыдэр, абы и напэкІуэцІ курыхэр зытхыр и бынхэращ. Апхуэдэхэм я гъащІэри я лэжьыгъэхэри къэкІуэну щІэблэм я щапхъэ нэсщ.

Адыгэхэм ди нобэрей тхыдэм зи цІэр щыпэІуэрытхэм ящыщщ профессиональнэ музыкэм и лъабжьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызыгъэтІылъахэм халъытэ Къардэн Хьэсэн. Абы сытетхыхьыну кьаламыр хэсщтами и зэфІэкІымрэ и макъамэм щІэлъ къарурмрэ псалъэкІэ къэпІуэтэныр къызэрымыкІуэу гугъущ.

Композитор щІэрыІуэ Къардэн Хьэсэн и ныбжьыр нобэ илъэс 95-рэ ирокъу

Лъэпкъ гъуазджэм и вагъуэ

НОБЭКІЭ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ композитор щІэрыІуэм и гъащІэ гъуэгуанэр тынчу щытауэ пхужьыІэнчыным. Совет лъэхъэнэ хьэпсэм хэпсэукІа ныбжьыщІэ куэдым хуэдэуи, Хьэсэн гугъуехьым ерыщу пэщІэту псэуащ.

Иджыри школым щІэсу абы макъамэм гу хуищІат. Ар къэдкІэ я фІыгъэу къэпльы-тэ хъунущ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ Бекъшокъуэ Жумалдин и унафэщІу лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэзэмкіэ школым щыІэжьа оркестрым. Абы дежщ Хьэсэн макъамэ Іэмэпсымэзэм зыщыхуигъэсар.

1937 гъэм, и ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхъуу, и адэр дунейм ехьжа иужь, щІалэ цІыкІыр Налшык щыІэ школ-интернатым ягъэкІуащ. Хьэсэн и гум щигъафІэ хъуэпсапІэм абы нэхъри пэгъунэгъу щыхуэхъуащ, художественнэ гупхэм, оркестрым занщІэу хагъэхьащ ар. МакъамэкІэ гупжьеІм кІуэн щІидза иужь, и япэ уэрэд цІыкІуэхэр дунейм кьытехьащ икІи ар зрагъэпльагъуэхэм къыхуожаи гоцІыпэ гупхэм Къардэнэр нэхъыбэм тригъэгушхащ.

1942 гъэм хэкум и бын куэдым хуэдэу, Къардэн Хьэсэн зауэ Іэнатіэм Іухьэри, абы и кІыхьагъкІэ хэтащ. 1946 гъэращ и унэ къыщигъэзэжар. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ абы макъамэ тхыныр пІалъэкІэ зригъэтІылъэкІын хуей хъуат. Хьэсэн «Къэбэрдей пэж» газетым лэжьэн щыщІидзами и гум щхьэу щигъафІэрт и хъуэпсапІэр. 1947 гъэм ар тегушхуэри щІэтІысхьащ Римский-Корсаковым и цІэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм къыщызІуаха къэбэрдей опер студием.

Профессор Исаченкэ Константин и унафэм щІэту макъамэ гъуазджэм и щхьэхэр зригъэщІащ. КомпозицэмкІэ егъэджакІуэ гъуэзэжьэ, профессор Кушнарёв Христофор и дерсхэри Хьэсэн дежкІэ уасэ зимыІэ фІыгъэт.

Абы и япэ творческэ лъэбакъуэхэр къыдальтащ композитор щІэрыІуэхуэ Мурадели Ванорэ Вольфензон Сергейрэ. Консерваторэм щыщІэса илъэсхэм Къардэным и щІэныгъэм хигъахъуэзымкІэ къэхуэщІэпащ Ленинград дэт оперэ театр, музей, симфоние оркестрхэм, драмэ театрхэм щагъэльагъуэ лэжьыгъэхэри.

Композитор щІэсу Хьэсэн итхащ и япэ уэрэдхэр: «Колхоз щІалэщІэм и уэрэд», «Приходи вечерком на свидание» (1950 гъэ). Абыхэм кІэщІу къакІэльокІуэ «Белая голубка» уэрэдыр, «В родном краю» симфоние гъэпсыкІ.

ЕджапІэр къиухри, 1954 гъэм Къардэныр Налшык къэкІуэжащ. ЦІыхубэм фІыуэ ильэгъуа абы и гухэлъ уэрэдхэри зыдэбгъуэн щымыІэ симфониехэри щІэхъщІэхьырэ радиокІэ къатырт. «Си къалэ», «Жэмыш уэрэд», «Хэку нэху», «Си дуней», «Шыхъуэм и вагъуэ» уэрэдхэр псом хуэмыдэу цІэрыІуэ хъуат, Къардэным и симфоние произведенэхэр, рапсодиехэр зэкъуэфа телъыджэхэмрэ-ща?!

И нэгу щІакІа зауэ мафІэр лъэужьыншэ щ1ыхъуакъым композиторым и творчествэм, «Хъыбарыншэу кІуэдахэр», «Усэ нэкъуэтх», «Уигу игъэлъ сэлэт» уэрэд зыбжанэ и Іэдакъэ хъыщІэкІащ абы.

«Ленэ дахэкІей», «Хэт усІэщІиха?» (псалъэхэр зейр Бахъуэ БетІалщ), «Уи цІэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?» (Гъубжокъуэ Лиуан), «Сыззхэ» (Къэжэр Пётр) гурыщІэ уэрэдхэр нобэр къыздэсым цІыхухэм фІыуэ яльагъу, я гущІэм щагъафІэхэм ящыщщ.

Лъэпкъ оперэ зэи димыІауэ зэрыдгъуэтар зи фІыгъэр Къардэн Хьэсэнщ. Абырэ Балэ Мухьэдинрэ Щ1ощ1энщІыкІу Алий и «Мадинэ» поэмэм оперэ хуатхауэ щытащ. Ар псэм дыхьэу зэрыхъуам хуэдэ дыдэу, оперэри гурыхь ящыхьуат зыльъэгъуа псоми.

Хьэсэн зэрыкомпозитор лъэщым и мызакъуэу, жылагъуэ гъащІэми щыпэрытт. Илъэс куэдкІэ абы и унафэм щІэтащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и правленэр, абы жэуап зыхь и секретару щытащ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм, СССР-м и Композиторхэм я союзым и къэпщытакІуэ комиссэм мызэмытІэу хахащ.

1969 гъэм Къардэн Хьэсэн къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр, 1974 гъэм ар республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ. Зыбжанэрэ къратащ гъэнэгъу щІынальэхэм я щІыхь, щытхъу тхьылъэр, макъамэ гъуазджэм хуищІ хэлъхьэныгъэфІым папщІэ къэралым и дамыгъэ лъапІэ зыбжанэ къыхуагъэфащащ. ИужькІэ абы къыфІащащ «РСФСР-м и Къардэн Хьэсэн и ныбжьыр нобэ илъэс 95-рэ ирокъу

● ДифІ догъэлъапІэ

гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист» щІэлъапІэхэр.

Макъамэ гъуазджэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр иджыблагъэ Хьэсэн къыхуагъэфащащ. Къардэным и творчествэм и лъагапІэу къэпльытэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым хуитха гимныр. Ди лъэпкъэгъу композитор щІэрыІуэм и Іэдакъэщ1кІхэр щ1ызхуэхьэса тхьылъ зыбжани дунейм кьытехьащ.

ЖыІапхъэщ абы и лэжьыгъэхэр езым ещхьыжу гуапагъэкІэ зэрыгъэнщІар. Хьэсэн нобэми хуэзфІокІ гъащІэм и дахэр ильагъуфу абы гу зэІухакІэ хэпсэукІын. ЩищІалэгъуэм хуэдэу, абы иджыри къиГъащІ макъамэхэр щІэщыгъуагъэрэ гу хуабагъкІэ гъэнщІащ.

Къардэным къикІуа творческэ гъуэгуанэ бгъуфІэр и зэфІэкІ иным и щ1ыхьэтщ, и Іэдакъэщ1кІхэр пщ1ыхь гъуазджэм и щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

ЛыфІ и щытхъу кІуэдыркъым

Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

Политик, унэтІакІуэ, лэжьакІуэ емызэш

Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд Хьэгуцыр и къуэр 1923 гъэм мазаем и 23-м Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык педучилищэм щеджа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым и япэ курсыр щыхуаІуэ. 1942 гъэм и жэпуэгъу мазэм я къуажэм игъэзэжри, абы дэт илъэсибл еджапІэм лэжьэн щ1ыщ1дзащ. А илъэс дыдэм дзэм ираджэри, лъэсыдзэм хэтэр щрагъаджэу Урюпинск дэт училищэм и курсантхэм я батальоным хэту зауэм макІуэ. Япэ зэхэуэм уІэгъэ хьэлъэ щыхьурэ, илъэсрэ ныкъуэкІэ сымаджэщхэм щІэлъауэ советыдзэм къыхагъэкІыжащ. 1944 гъэм Шэджыхьэщ1эр хах ВЛКСМ-м и Урожайнэ райкомым и япэ секретару. Апхуэдэу къыщІидзащ абы и жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэр, илъэс 43-кІэ зэпыу имыІэу ирихьэкІар.

ВЛКСМ-м и ЦК-м дежь щыІэ комсомол школ нэхъыщхьэр 1946 гъэм къыухри, Мухьэмэд - секретару, иужькІэ Къэбэрдей АССР-м и ВЛКСМ-м и обкомым и етІуанэ секретару лэжьащ. 1946 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу щІыналъэ комсомол зэгуэныгъэм ВЛКСМ-м хэту щІыху 11.188-рэ къыщабжащ, ахэр пэщІэдзэ организацэу 545-м щызэгъэуІуат. Республикэм и комсомолхэм ящыщу 1479-р лэжьакІуэт, 3859-р колхозхэтт, 34-р инженерт, техникт. Республикэм и и комсомол зэгуэныгъэм и кІалэн нэхъыщхьэр лэжьапІэ Іэнатіэхэр зэфІэгъэувэжьынт. Мухьэмэд и къару псори тригъэкІуадэрт комсомолхэмрэ зэгуэныгъэхэм хэмыт щІалэгъуалэмрэ кІыззщІиІэтэу ерыскъыпхъэ къыщІэзгъэкІ предприятэхэр, электрическэ станцхэр, псом хуэмыдэу Бахьсэн ГЭС-р, колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэфІэгъэувэжьынхэм.

Комсомольым и обкомым и лэжьыгъэр щІэрыщІэу зэтриублэжьырт, унафэщІхэр хихьыжьрт. 1947 гъэм и ГъатхэпэМ ВЛКСМ-м и щІыналъэ зэгуэныгъэм и XVI конференцым щыжьалаУэ щытащ: «ЛыкІуэ 236-м щыщу 111-р Хэку зауэшхуэм хэтащ, цІыхуи 144-м правительствэ дамыгъэхэр яІэщ. Зауэр къыззэынэкІа щІалэхэмрэ хъыджбзэхэмрэ комсомолым и кІалэ, район комитетхэм унафэщІу щолажьэ, япэ, етІуанэ секретарь 32-м ящыщу 25-р фашист зэрыпхъэкІуэхэм япэщІэтащ».

Конференцым щауБзыхуат республикэм зыкъызэриужьыжьын, экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэрыгъэфІэкІуэн Іэмалхэр. ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретару Кабалоев Билар, етІуанэр Шэджыхьэщ1э Мухьэмэдт.

1949 гъэм и фокІадэм Шэджыхьэщ1эм къыхуагъэльагъуэ партым и Налшык райкомым и япэ секретарь къулыкъыр. 1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хах. КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр кІыуэа нэужь, 1956 гъэм Шэджыхьэщ1эр КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и къудамэм и унафэщІу яГъэуври, илъесыблкІэ а Іэнатіэм щ1ылэжьащ. А илъэсхэм зи гугъу тщІы къудамэм къалэныщхуэ игъэззащІащ парт, совет лэжьапІэ Іэнатіэхэр къэІэтыжьынм ехьэлІауэ.

1963 гъэм и щІыгъуэм екІуэкІа XXVIII парт конференцым Мухьэмэд обкомым и секретару щ1ыхахащ, обкомым и бюром щ1ыхагъэхьащ. Пленумым и пщэ къ1ыщ1адалъхьащ идеологиемкІэ къудамэм и унафэщІ къулыкъыр.

1965 гъэм партым и обкомым лэжьыгъэшхуэ къызэригъэпэщыр. КПСС-м и кьалэ комитетхэм я убзыхукІэр зэрахъуэжам, район комитетхэр щ1эрыщ1э къызэрызэрагъэпэщыжам парт зэгуэныгъэхэм я пщІэр иІэтащ. Илъэс къэс нэхъ быдэ хъурт зэкъуэш республикэхэм лэжьыгъэ, литературэ я лъэныкъуэкІэ зэхуаІэ зэпыщІэныгъэхэр. Щ1эх-щ1эхьуэрэ радио-телевиденэтынхэмкІэ, газет напэкІуэцІхэмкІэ зэхъуэжэрт.

Сыт и лъэныкъуэкІи Іэнатіэм хуэзыгъэр, Совет къэралыгъуэм, парт политикэм хуэпэж Шэджыхьэщ1эр мызэ-мытІэу КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ икІи илъэс кудкІэ абы и унафэщІу (1964 - 1985 гъэхэм) щытащ. Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм запыщІэным хуэлажьэ Совет комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ зыщ Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд. Иужькіэ «Хэку» обществэр зэхишащ икІи пенсэм кІуа нэужь, илъэс зыбжанэкІэ абы и унафэщІу щытащ.

И къару емыблэжу зэрылэжьам папщІэ Шэджыхьэщ1эм къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Пльэжь, Пэжьыгъэм и Бэракъ Пльэжь, «Щ1ыхьым и Дамыгъэ» орденхэр, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщ1эр, медаль куэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм республикэм и идеолог нэхъыщхьэу яльытэу щытащ, Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд Хьэгуцыр и къуэр 1996 гъэм фокІадэм и 1-м дунеим ехьжащ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

Хамэм и узыр езым ейм хуэдэу зыхищІэрт

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и езанэ курсым сыщІэсу, Тыркум щыпсэу адыгэхэм сахуэтхэу щІэздащ - иужькІэ Иорданием, Сирием, Израилым, США-м щыщ ди лъэпкъэгъуэхэм запыскІащ. Апхуэдэ си жэрдэмыр хуабжу къызэдиІыгъырт Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд. Абы и щІэныгъэ, ди къэралым и щІыналъэ Сирие Хъэрып Республикэмрэ Ливанымрэ. Шэджыхьэщ1эр зыбжанэрэ яхуэзащ хамэ къэрал щикъухьа ди къуэшхэмрэ ди щыпсэухэмрэ я деж кІуэну ежьэ туристэ гупым. Къэбэрдей-Балъкъэрым ар япэу къыщыкъухьа Іуэхут. Абы и чэнджэщэмрэ ущие псалъэхэмрэ сэбэп къытхуэхъуащ Дамаск, Хъомс, Хьэлэб, Бейрут щыхэхэс адыгэхэр нэхъыфІу эдгъэщІыхунымкІэ.

СЭ СЫЗИГЪУСЭ гупым и пашэр публицист КІасэ Чэмалт. Ди гъуэгу нежьат адыгей тхакІуэ щ1ылъэхэу Мэшбащ1э Исхьакъ, Хьэдэгъэлі Аскэр, Щхьэлахъуэ Хьисэ сымэ. Къэдгъэззжа нэужьи, гуапэу дригъэблэгъащ Мухьэмэд, ди гупым и лэжьыгъэм пщІэ хуищІу.

ИльэситІ дэкІа нэужь (адэ папщІэ схуэхъуа Шэджыхьэщ1эм и дэІэпыкъуныгъэ хэлъу) совет турист гупышхуэм сахэту Тыркум сыкІуащ. Дауи, Азие ЦІыкІум хиубыдэ а къэралым сэри си ныбжьэгъуэху Къъуэлъфэ Хьэчим, Щомахуэ Сулътан сыми нэхъ гугъу дыщ1ежащ Сириемрэ Ливанымрэ елъытауэ. Дауэ мыхъуми, ди Іуэхухэр къыдахъулІауэ къэдгъэззэжащ. Абы щыпсэу адыгэхэм ящыщу Совет Союзым ныбжьэгъу къыхуэхъуахэм я бжьыгъэм хэхъащ.

Сигу къэзгъэкІыжыну сыхуейт Къъуэлъпі Іуэнэгъуэм дызэрыщІа зи ежьэгъуэ. Абы жэрдэмщІакІуэ хуэхъуар комсомолым и обкомрат. Дапщэщи хуэдэу, гупыр зи нэІэ щІэтри зыщ1ыщІри Шэджыхьэщ1э Мухьэмэдт. Мы гъуэгуанэм жэуапльныгъэшхуэ пылът, ар комсомолыр кІэзэрызэрагъэпэщрэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлІат. Абы ипкъ итКІэ, Шэджыхьэщ1эм зы Іуэхугъуэ кьалэн къысщ1ащ1ащ - лІыкІуэхэр къыхэзыхьэн хуейр сэрат. Ди гупым къыхьжащ1 уэрэдыщІакІуэ Хьэхъупащ1э Хьэсэн, сурэтыщІ Пащты Германэ, усакІуэ Ащхъан Руслан, Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и актёрхэр Иуан Владимиррэ Балъкъыз Валерэрэ, ВЛКСМ-м и обкомым и етІуанэ секретарь Ефэнды Феликс, комсомолым и Аруан райкомым и секретарь Мэлбахъуэ Светланэ, Налшык дэт педучилищэм и комсоргрэ Щэныбэ Маргаритэ сымэ. Адыгэ хъыкІэрэр дахащэу яГъэззщІащ Щ1ыбзыхъуэ Іэсиятрэ Щэрмэт Мухьэмэдрэ, пшынэ еуащ Хьэгъуэ Мадинэ...

Совет Союзым и телеграф агентствэм зыбжанэрэ къытащ. КъБР-м икІа щІалэгъуалэ гупым Дамаскэрэ Амманрэ щыІэ совет щэнхабзэ центрхэм, Иордан Хьэшимиитым къэралыгъуэм щыІэ СССР-м и посольствэм ехъулІэныгъэхэр яІэу зыкъызэрыщІагъэльэгъуат.

Шэджыхьэщ1эр, лІыхъужьхэр къызэрырагъэблагъэжым хуэдэу, къытпежьэрт, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум къитх хъыбархэм, Сириемрэ Иорданиемрэ Шэрджэс фІыщІэ зэгуэныгъэхэр зэрыщІалажьэм теухуауэ жыпІэжхэм гупсэхуу едаІуэрт, абыхэм щыІэ Хасэхэм нэхъ жьыджэру хэтхэм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр къыщыззэзыгъэпэщхэм щІэупщІэрт.

Урыс-Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм зи хэку залымыгъэкІэ ирагъэІэпхъуакІа ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщІэжьыныр къезыхьэжьахэм ящыщщ Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд. Абы и цІэр гуапэу кьраІуэ хэхэс адыгэхэмрэ я хэку къагъэззэжьнымкІэ зыдэІэпыкъуахэмрэ.

И зыгъэпсэхугъуэ пІалъэр къэсу тІысыжа нэужьи, Шэджыхьэщ1эр «Хэку» Къэбэрдей-Балъкъэр зэгуэныгъэм и тхьэмадзэу щытащ. Махуэ къэс сэ слъагурт хэхэс адыгэхэмрэ зи хэку къззыгъэззжахэмрэ я Іуэху дэкІыным абы тригъэкІуадэу щыта къарур.

Дэ (сэри си ныбжьэгъу кудми) Шэджыхьэщ1эм и цІэр къызэрытпсэльыр гуапагъэ къызэрымыкІуэ хэльыд. Ар кьилэжащ абы щІэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъам, цІыху пэжу, хэкупсэу, хамэм и узыр езым ейм хуэдэу зыхищІэу зэрыщытам папщІэ.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд.

ЛІыхъужьыгъэм и дерсхэр

Мы зэманым дэнэкІи щагъэлъапІэ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр. А Іуэхум ехьэлІауэ курыт школхэм щокІуэкІ ЛІыхъужьыгъэм и дерсхэр. Абыхэм ирагъэблагъэ хэкум и щхьэхуитныгъэм, ехъулІэныгъэм, зыужьыныгъэм папщІэ зи къаруи зэфІэкІи емыблэж цІыху цІэрыІуэхэр.

● Гъэсэныгъэ

БАХЪСЭН щІынальэм хьихь ХьэтІохъущ1кІуэй къуажэм дэт кадет школым и гъэсэнхэм дыгъуасэ яхуэкІуа Урысейм и ЛІыхъужь, кхъуьльтэзэкуэ-космонавт Ревин Сергейрэ УФ-м и ВС-м и подполковник, афган зауэм и ветеран Куков Валерийрэ. Хьэщ1э лъапІэхэр хэтащ еджапІэм къыщызэрагъэпэща ЛІыхъужьыгъэм и дерсхэм. Аэр тепсэльыхьащ я гъащІэм, Хэкум къулыкъу пэж зэрыхуэщІам, апхуэдэуи ЛІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ куэд ныбжьыщІэхэм къыхуахьащ.

Кадет ныбжьыщІэхэр дахьэхат ЛІыхъужьхэм кьалэныгъэ. Аэр щІэупщІэрт нэхъ хьэлэмэту къащ1ыхъу Іуэхугъуэхэм, хьэщІэхэм щ1ыхьэ къэралым къахуигъэфэща дамыгъэ лъапІэхэр къызэрахьа щ1ыкІэхэм нэхъ гъунэгъу щыгъуазэ зыхуащІмэ яфІэфІу. Еджакіуэхэм нэхъыжьыфІхэр къагъэгугъащ езыхэри къэралым, щалъхуа щ1ынальэм хуэпэжу псэуну, хэкупсэу къэхъуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Фэеплъ пэкІу

Іуащхьэмахуэ деж зыщыхуагъэхьэзыр

Іуащхьэмахуэ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэмкІэ щиІэ и джабэ нэкІым, метр 4200-рэ зи льагагъ щыпІэм хуэзэу, нобэ, мазаем и 23-м, Хэкум и хъумакІуэм и махуэм, фэеплъ пэкІу щрагъэкІуэкІынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэр и дэІэпыкъуэгъуу къызэрагъэпэща Іузхугъуэр ирырагъэхьэлІащ Кавказыр бийм къызэрыІэщІагъэкІыжрэ илъэс 75-рэ щрикъум. Апхуэдэуи, зи гугъу тщы мы дауэдапщэкэр траухуащ Іуащхьэмахуэ и сыджитІым нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм нахьэса ныпхэмрэ нагъыщэхэмрэ совет зауэлІхэм кърадзыхьажу, абыхэм я пІэкІэ Совет Союзым и бэракъэр зэрыщыхасэгъам. Ар къыщыхъуар 1943 гъэм мазаем и 13 - 17 махуэхэрщ.

Бгыжь уардэм и джабэ нэкІым щыху 70-м щІигъу кІэрыхьэнущ. Ахэр Іуащхьэмахуэ щыналъэм и щыпІэ самоуправлензм, администрацэм, республикэм и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэрщ, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм БгыкІэм дэкІыным зыхуэгъэхъэзырынымрэ щыпсэунымкІэ и «Терскол» центрым щыІэхэрщ, районым и дзэ комиссариатым къулыкъу щезыхьэкІхэрщ, «Іуащхьэмахуэ курорт» АО-м и лэжьакІуэхэрщ, Урысейм и МЧС-м Іуащхьэмахуэ льапэ щиІэ Бгы льагэ къеГэлакІуэ-лъыхъуакІуэ гупым хэтхэрщ, Эльбрус къуажэм и депутатхэрщ.

А махуэм зекІуэ япэщыкІэ щыІэнущ «Мир» станцым пэгъунэгъуу къыщыкІуаха Дзэ щыхьым и музейм, ди къэралым щынэхъ льагэ дыдэу бгыщхьэхэм къыщызрагъэпэщам. Гъэгу здзытехьахэм абдежым щыгъуазэ зыщыхуащынущ Іуащхьэмахуэ хуит къэзыщІыжа Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэм къуршхэм щызэрахьа лІыгъэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ хьэпшыпхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

Абы иужькІэ, зекІуэм хэтхэр щэрхь бгъуэшхуэхэр зыщІэт трактор щыкІуэжмкІэ (ратракэжмкІэ) метр 4200-рэ зи льагагъ щыпІэм нэсынущ. Абдежращ здэщыІэр Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я щыхьхкІэ ягъэува фэеплъ мывэр. ПэкІым хэтынуэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъэнущ Кавказыр щхьэхуиту щытым папщІэ зи щхьэр хэзылъхьа совет зауэлІхэм. Удз гъэгъахэр а щыпІэм щагъэтІылъынущ, фочхэр щхьэщагъэукІынущ.

Іуэхум и кІэухыу, УФ-м и МЧС-м Іуащхьэмахуэ льапэ щиІэ бгы льагэ къеГэлакІуэ-лъыхъуакІуэ гупым хэтхэмрэ «Іуащхьэмахуэ курорт» АО-м щылажьэхэмрэ а щыпІэм къыщыщІэдзауэ Азау хуёйм къэсыху лыжэкІэ къэхьнущ, УФ-мрэ КъБР-мрэ я ныпхэр, ТекІуэныгъэм и Бэракъым тращІыкІар ялГыэу.

ТАРИМ Алисэ.

Санитар взводым и унафэщІ

И ныбжькІэ щІалэу гъэзру захуэ теувэр насыпыфІэщ. Гъэсэныгъэ тэмэм зыгъуэта, зи Іэщ Іагъэм пщІэ хуэзыщІ, цІыхугъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр пасэу зыхэзылъхьа цІыхур пжьигъэм и гъэгум лъэ бидэкІэ ирокІуэ, къызыхэкІа лъэпкъым и щІыхьыр еІэт, и хэкум и сэбэныгъэ къихьу мэлажьэ, мэпсэу...

А ПСАЛЪЭХЭР хужьпІэну хуэфащэщ Хэку зауэшхуэм и ветеран, фашист зэрыпхъуакІуэхэр ди къэралым къыщытеуам, ахэр зэхэкъутэным зи къару куэд хэзылъхьа, Арщыдан къуажэм щыщ Къатинэ МуІэзин ХъуатІэ и къуэм. КІыхьщ а щІалэм къикІуа зауэ гъуэгуанэр икІи хьэлъэщ. Абы иІа-къым тыншыпІи, зыгъэпсэхупІи - илъэсипІым нэскІэ псэ зэпылъхьэпІэ зауэ гъащІэм Іуташ.

МуІэзин Хэку зауэшхуэр къыщыхъеят 1941 гъэм Налшык медучилищэм и иужьрей курсым щІэст. Ар къызэриухыу Дзэ Плъыжьым ираджащ. Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дзт езанэ лъэсыдзэ джапІэр къиухри, 78-нэ таньк щІалэм къикІуа зауэ гъуэгуанэр икІи хьэлъэщ. Абы иІа-къым тыншыпІи, зыгъэпсэхупІи - илъэсипІым нэскІэ псэ зэпылъхьэпІэ зауэ гъащІэм Іуташ.

МуІэзин Хэку зауэшхуэр къыщыхъеят 1941 гъэм Налшык медучилищэм и иужьрей курсым щІэст. Ар къызэриухыу Дзэ Плъыжьым ираджащ. Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дзт езанэ лъэсыдзэ джапІэр къиухри, 78-нэ таньк щІалэм къикІуа зауэ гъуэгуанэр икІи хьэлъэщ. Абы иІа-къым тыншыпІи, зыгъэпсэхупІи - илъэсипІым нэскІэ псэ зэпылъхьэпІэ зауэ гъащІэм Іуташ.

Бийм и танкхэр зэхэзыкъутэ ди дзэ гупым и санитархэм я унафэщІ, медицинэ къулыкъум и лейтенант Къатинэр зыхэта 276-нэ дивизэм зэуапІэ Іэнатіэ куэдым къыщыгъэлъэгъуа лІыгъэм, Іззагъэм къыхэкІыу къыфІащащ «Темрюк» цІэр. Абы и ужькІэ, дивизэр куэдрэ ебгъэрыкІуэныжмкІэ къыщыкъэжаныкІащ зауэкэм. Апхуэдэу Украинэм, Польшэм я къалэхэр, къуажэхэр хуит къащІыжащ икІи Хэку зауэшхуэр и кІэм нэсыху къуэрыІэ, зыгъэпсэхупІэ яІакъым.

А мазэ хьэлъэхэм и нэгу щІэкІахэм теухуауэ МуІэзин къыджиІэжащ: «ЩІы мащІэм» и ужькІэ Украинэр хуит къызэрытщІыжу, Карпатхэм, КъухьэпІэ Украинэм я щІыпІэхэм дынэсащ, Польшэм бийр щызэхакъутащ, иІа-нэ Чехословакым дыщызэуащ, Прагэ бийр дэтхужащ. Ди дзэхэм 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м Германием и щыхьэр Берлин къаубыда нэужь, Чехословакием ита фашистыдзэхэмэ зыкъатащ. Ди дивизэм Прагэ къалэр хуит къэтщІыжри, Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ абдеж щыдухащ икІи зауэр увыІащ жыгтэу ди зауэлІхэр ди-гуфІэу дызэхэту, адэ-мыдэкІэ гъэпщкІуауэ къэна фашистхэм ящыщ топкІэ къытхэуащ. Си ныбжьэгуфІ, ди дивизионым щыщ Петров Михаил занщІэу щІым зыхидзащ, сэри сыблэжьыр ар здэщыІупым дежкІи, си ныбжьэгъур къапхъэри щІым зыхъыжигъэдзащ, «топ къэуэнр увыІэху мыбдеж щылъ», жиІэри. Арщхьэкіэ, тпэмыжыжьэу ди сэлэт уІэгъэр къэслъэгъуа нэужь, абыхэм садэІэпыкъуну сыкъыщылъэтащ. А дакъикъэм Петровыр здэщылъ дыдэм деж топышэ къехуэхащ икІи си ныбжьэгъур зэшэзэпІэу иукІащ. Апхуэдэу зауэр иухащ щыжаІа сихьэтхэм хэкІуэдащ илъэситІым нэскІэ фронтым Іута, гуГуэхь куэд зи фэм дэкІа зауэлІ хахуэр...

Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ иуха нэужь, МуІэзин КъухьэпІэ Украинэм щыІа ди дзэхэм яхэту къанэри, 1946 гъэ пщІондэ къулыкъу ищІащ. ЩІэкІуэгъуэ маззращ я гэ къыщагъэкІуэжар.

Зауэшхуэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм лІыгъэ къигъэлъагъуэу зэрыІутам, Хэкум и щІыхьыр ихьумэжкІи папщІэ гугъу зэрызригъэзыжьмкІэ кІыу, Къатинэм пщІэшхуэ къыхуащІащ. Ар я унэ къыщыкІуэжам и бгъэр яГэдахэрт «Вагъуэ Плъыжь», Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэ, «Кавказыр зэрахъумам папщІэ», «Прагэ хуит къызэращІыжам папщІэ» медалхэм, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэхэм.

ЗауэлІыр я унагъуэ къызэрихьэжу, лэжьыгъэ Іэнатіэ пэрыуващ, цІыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкІэ хуэзфІэкІ къигъэнахьым, медицинэм и профсоюз Іузхущ Іапіэхэм пэрытащ. Иужьк1э, 1950 гъэм медицинэм и лэжьакІуэхэм я обкомым и унафэщІу яГэуэри, Іузхугъуэфі куэд зэфІигъэкІащ, Налшык курортыр егъэфІэкІуэным, цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным хуэунэтІауэ.

Къатинэм и зэфІэкІыр къалъытэри, 1962 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр облсовпрофым жэуап зыхь и секретару хахащ икІи и лэжьыгъэм щиІэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ «Знак Почёта», «Октябрь революцэ» орденхэр, «ГуащІэдэкІ щІыхь» дамыгъэр, щІыхь тхылъхэр куэду къыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужь зэманым «Налшык» курортым зэпымыууэ зиужьащ. Абы унэшхуэхэу тху хэту щацуха «Кхъужьей хадэ» зыгъэпсэхупІэм и унафэщІу 1964 гъэм Къатинэр яГэувари, илъэс куэдкІэ щылэжьащ. Пансионатым тхэнэфэр къратащ къралым и профсоюзхэм я зыгъэпсэхупІэхэм унафэ хуэщІынымкІэ советымрэ медицинэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Іузхущ Іапіэ нэхъыщхьэмрэ кьабгъэдэкІыу щІыхь тхылъым и яп нагъыщэмрэ нып плъыжь зэІапІэхьмрэ. Апхуэдэу ЗыгъэпсэхупІэхэм унафэ хуэщІынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр советым МуІэзин зи унафэщІ Іэнатіэм мызэ-мытІэу пщІэ къыхуащІащ.

Зауэ зэманми хуэдэу, мамыр лэжьыгъэми псэемблэжу, цІыху пэжу, зэфІэкІ иІэу, щапхъэ трахыу Къатинэр и Іэнатіэм пэрытащ, и щІыхьыр игъэбагъуэу къекІуэкІащ. Ар жьыджэру хэтащ жылагъуэм, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъ Іузхугъуэхэм. 1963 гъэм къыщыщІэдзауэ 1975 гъэм нэсыху Налшык къалэ Советым и депутату щытащ, апхуэдэу Профсоюзхэм я зыгъэпсэхупІэхэм унафэ хуэщІынымкІэ къэрал совет нэхъыщхьэм хэтащ. Мамырыгъэ лэжьыгъэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщихьа ехъулІэныгъэфІхэр кьалъытэри, а лІы емызэшым къыхуагъэфэщащ къэралым и профсоюзхэм я Іузхущ Іапіэ ищхьэ дыдэм и щІыхь тхылъхэу тІу, апхуэдэу къратащ «Узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и отличник», «ЗыгъэпсэхупІэм и отличник» цІэхэр, нэгъуэщІ дамыгъэхэри. 1978 гъэм къыфІащащ «Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ цІэ» лъапІэр. А псори къыпэкІуащ а цІыху емызэшым и гуащІэдэкІ иным. Кэуд мэхъу зауэлІ хахуэм и Іэужьыфі-хэр...

ТекІуэныгъэ Инир къытхуэзыхьа, щІэблэм я къэкІуэну насыпыр зыхъумэжа нэхъыжьыфІхэм я япэ сатырым хэтщ зауэми гуащІэдэкІ лэжьыгъэми я ветеран Къатинэ МуІэзин ХъуатІэ и къуэр. А лІы емызэшым и гъащІэр, и лэжьыгъэр щапхъэщ къытщІэхъуэ щІэблэм дежкІэ.

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

Хабзэм и хъумакІуэ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и штабым и унафэщІ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Докелин Эдуард къэрал кІуэцІ Іузхуэхмкіэ Іэнатіэм щолажьэ 1993 гъэ льандэрэ. Зэрыжаіэщи, щІыхум и хьэл-щэныр, гъэсэныгъэр къыщежьэр унагъуэрщ. И сабиигъуэм щыщІэдзауэ Эдуард хуауащиящ хабзэм, пэжыгъэм, цІыхухэм ядэІэпыкъун зэрыхуейм. 1997 гъэм щІалэм къиухащ Урысей МВД-м Волгоград дэт и Юридическэ институтыр.

СЛЕДОВАТЕЛУ, экономикэ щІэпхъаджагъэхэм ебэныныкІэ оперуполномоченэж, инспектор нэхъыжьу лэжьащ Докелин Эдуард. И хьэл-щэным, щІэныгъэм, Іузху зехьэкІэм гу лъатэри, 2014 гъэм абы дзыхь хуащІащ штабым и унафэщІ къулыкъур.

«Эдуард гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ, сыт щыгъуи зыкъыпщІигъэкъуэну хьэзыр, пэжым и телъхьэ щІыху нэсщ», - жаІэ подполковникым и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ.

И лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ абы мызэ-мытІэу гулъытэ къыхуащІащ КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысей МВД-м я унафэщІхэм.

Докелин Эдуард и Іэщ Іагъэм хуэІэижь къудейкъым - къэрал кІуэцІ Іузхуэхмкіэ Іэнатіэм щылэжьэнырщ ар къызыхуигъэщІар.

УАРДЭ Жантинэ.

● Дерсхэр

«ЛІыгъэм и тхьэмахуэ»

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм, Къэрал кІуэцІ Іузхуэхмкіэ Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм я къалэ советым хэтхэм ящыгъуу, ЛІыгъэм и дерс щрагъэкІуэкІащ республикэм и щыхьэрым и курыт еджапІэ №17-м. Ар зыхуэгъэзар ныбжьыщІэхэм я зэхэщІыкІыр къэІэтыныщ, балигъ мыхъуахэр хабзэм ебэкъуэным щыхъумэныщ.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Ветеранхэм я советым и унафэщІ, къулыкъум къыпэрыкІыжа подполковник Демьяненкэ Эдуард, советым и президиумым хэт майор Шыдыгъу Олег, Налшык къалэмкІэ УМВД-м и къудамэ №1-м балигъ мыхъуахэм я Іузхуэхмкіэ и инспектор ХъутІэ Елдар, егъэджакІуэхэр.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и щІыхькІэ хабзэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ «ИІэт-тІэ, щІалэхэ!» зэпеуэм щызэхуэзащ гупиплІ.

НыбжьыщІэхэр Іузхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щызэхьэзэхуащ: Хэкум и хъумакІуэ хъуну нэхъ къаруу-фІэхэр, Іэкіуэльакіуэхэр, зэфІэкІ зыбгъэдэлъхэр. Езыгъэблэгъа школым и еджакІуэ хъыджэбз цІыкІуэхэм яГьэзэщІащ хэкум теухуа уэрэдхэр.

Демьяненкэ Эдуард тепсэлъыхьащ совет цІыхухэм Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм лІыхъужьыгъэшхуэ къызэрыщІагъэльэгъуам. Къызэхуэсахэм ар ехъуэхъуащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Пшыхьхэр

Бахъсэн Хьэсанш и гъащІэмрэ гуащІэмрэ

Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм и курыт еджапІэ №93-м щекІуэкІащ УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ. Бахъсэн районым и «ЩІэнхабзэ нэгузыужь центр» Іузхущ Іапіэм и методист, тхакіуэ, усакіуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ и «Служение человечеству» тхылъым и лъэтеуэр, «Печатный двор» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІа а лэжьыгъэр теухуащ генерал-майор Бахъсэн Хьэсанш Барэсбий и къуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ. Пшыхьхэр къызэрагъэпэщащ Бахъсэн районым и «ЩІэнхабзэ нэгузыужь центр» Іузхущ Іапіэмрэ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссариатымрэ.

ЗЭХЫХЬЭ гуапэм зыкъраГэхьэлІащ КъБР-м щыхьм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур**, Урысей ДОСААФ-м КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **Зэкіуий Мухьэжид**, Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссариатым и къудамэм и унафэщІ **Сосналы Мухьэмэд**, Бахъсэн районым щыпсэуэжэм социальнэ Іузхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ и ІэзэгъэуІу центрым и нэхъыжь **Къэнэмат Юрисльам**, Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Зеушэ Хьэмид**, Бахъсэн Хьэсанш и ныбжьэгъуэу полковник **Гапанович Андрейрэ** (Москва къалэ) подполковник **Битаков Къазбэчрэ** (Владикавказ къалэ), и Іыхьлыхэм, и благъэхэм, Бахъсэн льэпкъым щыщхэм, ирагъэблэгъахэм.

Урысей гимнымкІэ ирагъэжьа пшыхьыр ирагъэкІуэкІащ Бахъсэн щыналъэм и «ЩІэнхабзэ нэгузыужь центр» Іузхущ Іапіэм и унафэщІ **Тембот Хьэчимрэ** Бахъсэн районым ГъуэджэхэмкІэ и сабий школым и методист **Абрэдж Мадинэрэ**. Абыхэм кІрихьэлІахэм ягу къагъэкІыжащ Бахъсэн Хьэсанш и гъащІэмрэ гуащІэмрэ. Ар Бахъсэн районым хыхьэ Къызбрун III (иджы Дыгулыбгуеий) къуажэм 1959 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къыщалъхуащ. И Іыхьлыхэм дзэм къулыкъу щызыщІа къэхэмыкІамэ, зэрыщыкІуэр ар а псэзэпылъхьэпІэ Іащ Іагъэм дихьэхырт. Курыт еджапІэр ехъулІэныгъэкІэ къызэриухыу, абы и хъуэпсапІэт дзэ училищэ нэхъыщхьэм щІэст. Ар къыщемыхъулІэм, зимыгъэгувэу 1976 гъэм Бахъсэн къалэм и ику ит мэкъумэш Іащ Іагъэ щрагъэгъуэт еджапІэ (СПТУ) №2-м щІэтІысхьащ. КъыкІэлъыкІуэ гъэм КъБАССР-м и Бахъсэн районым и дзэ комиссариатыр и дэІэпыкъуэгъуэу, Орджоникидзе щыІэ дзэ училищэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьащ икІи 1981 гъэм «лейтенант» цІэр иІэу ар къыуахащ. Училищэ нэужьым, 1981 гъэм и фокІадэм щыщІэдзауэ абы советыдзэм яхэту ЯРА-м (Джелалабад) къулыкъу щищІащ, ПІасхъэщІэх взводым и унафэщІу. Ар жьыджэру хэтащ Таджикистаным, Афганистаным и Кабул, Кундуз, Салангэ, Кандагар щыналъэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм икІи абыхэм зыбжанэрэ уІэгъэ щыхъуащ. Бахъсэн Хьэсанш капитан (1986 гъэ), майор (1990 гъэ), полковник (1977 гъэ) цІэхэр къыфІащащ. Хэкуныкъуэхэм сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу яхуэхьуу, цІыхугъэ ин зыдалъагъу, Хэкум, цІыхухэм я къащхьэщыжакІуэу, къэгъуэгурыкІуа зауэлІ къэмылэнджажьым тІэунейрэ къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Зэрихьа лІыгъэм папщІэ», «И хахуагъэм папщІэ» орденхэр, «Дзэ къулыкъум къызэрыхэжаныкІам папщІэ», «Зэрихьа лІыхъужьыгъэм папщІэ» медалхэр, нэгъуэщІхэри.

Бахъсэн Хьэсанш къыхиха гъуэгу мытынышм и псэ емыблэжу лІыгъэ ин щызэрихьэу, щІыхь иІэу ирикІуащ. Бахъсэн къалэм 2008 гъэм фокІадэм и 1-м къыщызэІуаха щІыхь пхъэбгъум Бахъсэн Хьэсанш и цІэр ирагъхьащ. КъищынэмыщІауэ, Бахъсэн къалэ округым и Советым и унафэкІэ Бахъсэн Хьэсанш и цІэр зэрехьэ Дыгулыбгъуей къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм. Зи гъащІэ псор къэралым къулыкъу хуэщІэным тезыхуха адыгэлІыр и адэ-анэми, и Іыхьлэхэми, и къуажэгъухэми я щхьэр лъагэу езыгъэлъагъуа цІыхуу. Абы и гъащІэмрэ гуащІэмрэ щІэблэм я щапхъэщ. Бахъсэн къалэм иужьрей илъэсхэм Хьэсанш и фэеплъу щрагъэкІуэкІ рескупликэм и баскетболистхэм я зэпеуэ.

Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр Тхьэгъэлэдж Тимур Зэгъэщтокъуэ Людэрэ «Кавказ» ансамблым и художественнэ унафэщІ, макъамэтх Жылау Арсенрэ иритащ, дзэ-патриот, псэкупсэ гъэсэныгъэм, дунейм ехьжа зауэлІхэм я фэеплъыр мыгъэкІуэдыжьным хэлъхьэныгъэфІхэр зэрыхуащІым папщІэ.

ЗауэлІ-интернационалистхэу Верстак Виктор, Рамазанов Александр, Молчанов Владимир, Крюков Сергей, Федотов Аркадий, Зэгъэщтокъуэ Людмилэ сымэ афган зауэм хэкІуэда зауэлІхэм, зауэлІ-интернационалистхэм трауха я усэхэм къеджащ Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм и курыт еджапІэ №1-м и гъэсэнхэу районым и «ЩІэнхабзэ нэгузыужь центр» Іузхущ Іапіэм екІуэлІэхэр. Дзэ вальс къэфащ Бахъсэнёнкэ къуажэм и курыт еджапІэ-сабий гъэсапІэм екІуэлІэ щІыкІуэр. Апхуэдэу Хэкум, къэралым къулыкъу хуэзыщІэхэм ятеухуа уэрэдхэр жаІэу пшыхьыр яГэдахащ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и кадет школ №1-м и художественнэ унафэщІ Молэ Зауррэ абы и гъэсэнхэмрэ, Бахъсэн къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и «Джэгуакіуэ» цІыхуб ансамблым и уэрэджыІакІуэ Мэрщэкъул Резуан, Зэгъэщтокъуэ Людэ и псалъэхэмрэ Жылау Арсен и макъамэмрэ зыщІэлъ «ФыкъэуфыІэ» уэрэдыр зэдыжьызыІахэу Тезхэ Лаурэрэ Алинэрэ.

Зэхьыхэр къызэзыгъэпэщащэм фІыщІэ хуащІащ абы зыкърезыгъэхьэлІахэм, Бахъсэн Хьэсанш зигу къэзыгъэкІыжахэм. Зи гъащІэм уэрэд хуэфащэ, адыгэ лъэпкыр зэрыгушхуэ генералмайор цІэрыІуэр и лэжьэгъуэхэм, къуажэгъуэхэм, къыдалъхуахэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм ящыгъупщэркъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Тхылъыщіэ

«Адрыщі ныджэ»

Дунейм къытехьащ куэдрэ дызыпэплъа, щыхуэ Іэджэм я нэ къызэхуихі лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я фІыгъэкІэ къыдэкІащ Къармэ Іэсият и усэхэр щыгъэхуэхьэса тхылъ.

КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыціэ Мухьэмэд и гулъытэр махуэ-махуитІым къызэрыхэмыкІар фІы дыдэу дощІэ, дыщыгъуазэщ Іэсият и усэхэм ящІэлъ гупсысэ кІуур къызыгурыІуэ мащІэм ар зэращыщми. «Лъэпкъыл Іущым усэхэм къызэреджэу къыгурыуат адыгэ бзыльхугъэм Тхьэм къыбгъэдилъхьауэ иІэ зэфІэкІыр, абы и усэ хьэтІыр зым ейми зэремыщхьыр, и усэбзэр зэрышэрыуэр, и адыгэбзэр макъамэ гуакІуэу гумрэ псэмрэ зэредэхащІэр. Хьэфіыціэр куэд щІауэ щІэхъуэпсыпт Іэсият и усэхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ къыдигъэкІыну», - щетх тхылъым и пэублэ псалъэм Мэлей (Къуэдзокъуэ) ФатІимэ.

А закъуэтІакъуэм саущыщу жысІэмэ, щхьэщыгтхъу сыхъунри Іуэхум хэпльщ, ауэ «Адрыщі ныджэ» тхылъыр «мыдрыщі» хъуным, жыпІэнурамэ, хуабжьу и нэ къыхуикІырт. Сыщіэхъуэпс къудей мыхъуу, а махуэр къызэрызгъэІэгъуэнми зэрыслъэкІкІэ сыхущІэкъурт. Зэрахуэфащэр сщІэрти, сыхуейт дунейм къытехьэу, цІыхухэр къеджэну. Сэ усэбзэкІэ схуэмытхьу си гум щызгъафІэ лъахэ лъагъуныгъэри, адэ-анэ гурыфІыгъуэри, адэшхуэ-анэшхуэм я псалъэ Іущри хэухуэнати, згъафІэрт...

Нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ псыІэрышэу кьабзэ адыгэбзэкІэ Іэсият и усэхэм щызэподжэж пасэрей зэманымрэ нобэрей гъащІэмрэ. Хъуэпсэгъуэщ и бзэр, зыми емыщхь гупсысэщ дызыщІигъэдаІур. МащІэщ апхуэдэхэр - аращ хуэсакъыпэу хъумэн щыІуейри.

«Адрыщі ныджэ» тхылъым и Іуплъапіэри, ар зэрыгуэша Іыхьэхэри зэрагъэдэхар дуней псом къыщацІыху, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, скульптор, ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием и член-корреспондент Сэвкіуий Хьэмид и Іэдакъэщіэкіхэрщ. Іэсият и усэхэм хэлъ щІагъыбзэ «щІэтІысыкІам», а сурэтхэр тращыкІам ещхьу лъэщу поджэж. ХьэфІыцІэ Мухьэмэд къыгурыІуащ тхылъыр а сурэтыщІым зэрыхуэныкъуэр.

Усэхэм я гугъу щхьэхуэу тщІынкъым, утепсэлъыхьыну щІэбдзэми, ар лейщ. Лейщ - уеджэн хуейщи, уеджа иужьщ гупсысэр къыщыгтІэтэнур, псалъэр къыщеблынур.

Тхылъым и бжыгъэр 250-рэ хъууэ араущи, ар зыІэрызыгъэхьэну хуейхэр еужьэрэкІмэ нэхъыфІщ.

ИСТЭПАН Залинэ.



● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэр бгыхэм щопэкІу. *Сурэтыр* **Грузинский П. И.** *ищІащ. 1842 гъэ*

● Къуажэхьхэр

Іэтэм джэдыкІэ хэзылъхьэ

Зи бжьакъуэхэр къешэха,
Шэдэ хэсыным дихьэха.

Унэм щІасхэр зи ныбжьэгъу,
Хамэ псори зи жагъуэгъу.

Ди шыгъуэгум къыщыджэ,
ВакІуэ кІуэным хуезыджэ.

Шэдыр зи унапІэ,
Зи нэшхуитІыр упІэрапІэ.

Унэр Іэзэу зэтезылъхьэ,
Іэтэм джэдыкІэ хэзылъхьэ.

Зи щІыбыр банэ,
Зи ныбэр пцІанэ.

Эхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

ЖЭУАПХЭР:

Хьа. Хьэ. Хьэрхьэм. ХьэнцІыцІэщ. ЦІыкІэ. Хьэмпэчыцэм. ЦІыкІэ. Банэ.

● Гушыіэхэр

Шэрэ къэбрэ

- Ана...мыгъуэ, атІэ дауэ хъуну?

Ярэби, ФатІимэрэ Данусэрэ зыгуэркІэ зэгурыІуэу щэмрэ къэбымрэ здашхауэ пІэрэ? Абы и пэжыпІэр къыжезыІэм мэджэрыш хуэсщІынт!

БЕКЪУЛ Барэсбий.

ФатІимэ я гъунэгъу фызым еджэрт:

- Данусэ! Къэб пшхынумэ, шэ къэхьи, къакІуэ! Къэб бэлыхь згъэзащ.

Данусэ къыжриІэрт:

- Ахьпхь, сшхынтэмэ къэб, ауэ шэр имыкІуту нысхуэхьынукъым. Къэбыр къэхьи, къакІуэ.

ФатІимэ абы пэдзыж:

- Къэбыр хьэлыуащ щхьэщІэкІам. Нескхьэжьэмэ, зыпкърылъэлъынущи, нэсхь хъунукъым.

Адэм и уэсят

● Хъыбар

ЛІыжь Іущ гуэр, и лІэгъуэр къыщыблагъэм и къуэр ириджэри, уэсят къищІыжащ:

- Сэ дунейм сохьж. Уи гъащІэкІэ узрикъун си пщІэнтІэпскІэ къэзлэжьащ. Ныбжьэгъу ирипІыгъынуми цІыхугъэ иризепхьэнуми, узэрегуакІуэщ. Сыпхуэарэзыщ, сигу зэбгъэбгакъым. Уэсят къыпхуэсогъанэри, укъызэдаІуэмэ, ущІегъуэжьынкъым. Уэсят къыпхуэзгъэнар мыращ: япэрауэ, уипщ щІыхуи йомыт, щІыхуи къыІуумых; етІуанэрауэ, зыхуэмысфащэм хуумыщІэІа: псыхэкІуадэ хъунщи, ухущІегъуэжьынщ; ещанэращи, уи фыз уи щэху йомыхьэлІэ.

И къуэм апхуэдэ уэсят къыхуигъанэри, лІыжьыр дунейм ехьжащ.

ЩІалэр куэдрэ егупсысащ адэм къыхуигъэна псалъэм, гъэунэхуплІэ имыхуэурэ, зыбжанэрэ екІуэкІащ.

И адэр лІэри, зы илъэс хуэдэ дэкІауэ, щІалэм зэхихащ я пщыр щІыхуэ къезытын зэрылъхьэхуэр.

- Ди адэм и уэсятыр згъэзунэхунщ, - жери щІалэр пщым деж кІуащ.

- Уэрэгугавэр зэхэсхати, сыкъэкІуащ, - жиІащ щІалэм. - Ди адэм къыхсуигъэнауэ, мылъку сиІэщ, щІыхуэ ухуейуэ зэхэсхащи, уэстыфынущ.

- Дэгъуэкъэ, - къыжриІащ пщым, - мыпхуэдэ пІалъэм фІэзгъэкІынкъым, уэстыжынщ.

ПІалъэмкІэ зэгурыІуащ.

ПІалъэр къэсри, щІалэр пщым деж кІуащ, арщхьэкІэ щІыхуэр къритыжакъым, пІалъэм пІалъэ къыхиригэкІыжащ. Аргуэрыр къыщысым, щІалэм тригъэзащ, щхьэусыгъуэ ишІри, абдежми къритыжакъым щІыхуэр. «ЩІыхуэр къызэтыж» жриІэху, пщым пІалъэ къыхиригэкІыурэ, илъэси илъэситІи кІуащ, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, пщымрэ щІалэмрэ зэщІелащ.

Іуэхур абы нэсауэ, щІалэм и адэм и ныбжьэгъу къыхуепсыхащ. И адэм и ныбжьэгъур игъэхьэщІащ щІалэм, хуэфащэ нэмыс хуищІащ, иригъэжьажьи и пэ бащлъыкъкІэ зыхэщІиуфэри шуэ дэкІащ. Къуажэбгъум щыджэгу щІалэ цІыкІуэм ябгъэдыхьэри, щІопщыр зыІэпигъэхуащ. ЩІалэ цІыкІур къыбгъэдэльадэри щІопщыр къыхуишиижащ. ЩІопщыр къыІрихыж зищІри, щІалэр епхъухащ, щІалэ цІыкІур къипхъуатэри, щІакІуэ щІагъым щІидзащ. КъыкІэлъыпхъэра щхьэкІэ, къыщІыхьакъым, щІалэ цІыкІур мэзым щІихьэри и хьэщІэр дригъэшьжащ.

- Мыр анэмэт пхузощІ, - жриІащ и хьэщІэм, и шыплІэм щІалэ цІыкІур диІэтІысхьэри. - Къаным зэрыхуэфащэнкІэ уи унэ игъэ, сынышІэупщІэмэ, къысхуэщІэж.

ЩІалэ цІыкІур ихьри, хьэщІэр ежьэжащ.

И къуэр кІуэдауэ, пщым игу фІы щыщІэнт? Іэджэм щыщІэупщІащ. Іэджэм щылтыхьауад - дунейм хутехакъым и къуэр. ЩІалэм шэч къыхуащІакъым.

И адэм и етІуанэ уэсятри игъэунэхун мурад ищІащ щІалэм. Благъэ гуэр иІэт, и адэм мылъкуфІ къыхуигъэнауэ. Къыхуигъана щхьэкІэ зэригъэззэхуэфакъым, Іэщіэшхыхьыжри, пщІантІэ нэщІым къыдамэр траупщІыкІа нэужь къытенэ Іэпапіэ. 7. Адыгэ цІыхухъу балигъхэм нэхъапэм зэрахьэу щыта Іэщэ. 9. Іэщіэвыщіэ. 10. Іэщым хуагъэтІылъ шхын. 13. ЦІыху мыхьэнэншэм щхьэкІэ жаІэ: «Ар ... фІыщІэжь и уасэкъым». 15. Аргуэй ззэрэ ... къъуейрэ. 17. Ди лъэпкъэгъу, Урысей Федерацэм и цІыхубэ художник. 18. МахуэцІэ. 20. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. 21. Пхъэ уадэшхуэ. 23. Зимыхьэпшып щэхуу зыгъэкІуасэ. 26. Зеиншэ. 27. Гъэмахуэм Іэщым я фэр изых бадзэжь. 30. Нартыху ... е дыгъэ ... 32. Шы къэпщІэнтІам къыщхьэщих бахъэ. 33. Іэзэ къыщэри ... ирищІщ. 35. Урыс тхакІуэхэм ящІыщу Нобель и саугъэтыр япэу зрата. 36. Шым и кІуэкІэ. 38. Іэщхэм я тхьэ. 39. ... и жапІэр езым къегъуэтыж.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ. .



Мазаем и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Бажэкіэ. **4**. Балъкъыз. **7**. Макъ. **8**. Гурэ. **9**. Хьэм. **11** . ХьэщІэщ. **14**. Пхъэр. **15**. Сэмб. **17**. Жасы. **18**. Пщащэ. **20**. Лъагъуэ. **25**. Акъбащ. **26**. Суд. **27**. Бжьыдзэ. **32**. Машэ. **33**. Данил. **34**. ЩІэщхъу. **36**. КІэщт. **38**. Плъыр. **39**. ЩІэблэ. **40**. Щыхь. **43**. Шыгъу. **45**. КІуащ. **46**. Мэгурым. **47**. БжьапцІэ.

Къехьу: **1** . Бэгу. **2**. КІыщ. **3**. КъуанщІэ. **5**. Абдж. **6**. Зым. **10**. Хьуркъым. **11** . ХьэІупэ. **12**. ЩІэбэт. **13**. Псалъэ. **14**. Пэж. **16**. Блэ. **19**. Арщыдан. **21**. Пкъы. **22**. Пщы. **23**. Ибэ. **24**. Гудзэ. **28**. ЩІэнтщ. **29**. АдрыщІ. **30**. Благъуэ. **31**. ГъущІыпэ. **32**. МэкІ. **35**. Хьуэр. **37**. Къубгъан. **40**. Щам. **41** . Бжы. **42**. ЛІыжь. **44**. Гъдэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мэлыл пшэр, тебэкІэ гъэжьауэ

Мэлыл пшэрыр г 50-60 и хьэлъагъыурэ яупщІатэ е зэпауд, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэри псы щІыІэ щІакІэ, шыгъу хадзэ, зэлащІэурэ мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, тебащхьэр трапІэри ягъаво псыр щІэвэщІэху, дагъэри къыщІидзыхьу. А дагъэ къыщІидзамкІэ лыр зэлащІэурэ ягъажьэ тхъэплъ дахэ хъуху.

МафІэр цІыкІу ящІ, тыкъырышхуэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэ, зэлащІэ, тебащхьэр трапІэри, зэлащІэурэ дакъикъи 2-3-кІэ ягъажьэ, шыбжий хаудэри, зэлащІэурэ иджыри зы дакъикъэ хуэдизкІэ ягъажьэ. ИтІанэ зэлащІэурэ абы шатэ хакІэ, бжьыныху уба халъхьэри тебащхьэр тепІауэ мафІэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хьуху дакъикъи 3-4-кІэ ягъэбэкхъ.

Іэнэм щытрагъэуфэкІэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын щІынэ зэпыгъэльэпІэ тракІутэ. Пщтыру пластэ, мырамысэ хуабэ, щІакъуэ и гъусэу яшх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): мэлылу - г 350-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шатэу - г 50, бжьын цІынэу - г 20, псыуэ - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Къундэпсорэ форэ

Мы ерыскъыгъуэр щагъэхьэзырыр гъатхэрщ - хущхъуэ папщІэу зэхалъхьэу араущ. Зи шхалъэ узхэм, псчэрейхэм, зи бгъэм щІыІэ хыхьахэм, зи тхьэмщІыгъум лажьэ иІэхэм сэбэпышхуэ яхуохъу. Адыгэхэм куэд щІауэ къагъэсэбэп мы хущхъуэгъуэр.

Къундэпсор бинт тІуащІэ-щащІэкІэ дзэху тепщэчым иразэ, абы фо халъхьэ, фІыуэ зэІащІэри банкІэм е кхъуэщІин гъущэм ираклІэ, и щхьэр ягъэбыдэжри щІыІапІэкІыфІыпІэм ягъэуф.

Кьыщагъэсэбэпынум и деж а зэрытыр фІыуэ яудныщІэ. Шхэн и пэ кьихуэу сымаджэм зэ ефэгъуэу г 100 махуэм щэ-плІэ ирифын хуейщ. Мы хущхъуэгъуэр щызрахьэлІэм деж ерыскъы сыр Іеи, пщтырыщи, щІыІэ дыди пшхыи уефи хъунукъым. Мы хущхъуэгъуэр хуабжьу сэбэпщ быдзышэкІэ сабий зыпІ анэхэм я дежкІэ.

Халъхьэхэр: къундэпсоуэ - г 2000, фоуэ - г 1500-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1** Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **4**. Пщым и дэІэпыкъуэгъу. **7**. Ищэ хьэпшыпым е ерыскъым хуигъэува уасэм пхутемыкІ цІыху. **8**. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьеблагъэ хьэщІэхэм щыжаІэ щыІэщ: «Фыщыпсэу щІыпІэр ... щІынапІэщ». **11**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **12**. Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ кьэзылъэтыхь. **14**. Кьурш лъэныкъуэмкІэ кьриху жьы щІыІэтыІэ. **16**. Таурыхъхэм кьыхэщ шы лъэрызехьэ: икІи мэпсэлъэф, икІи мэлъэтэф. **18**. Жыг закъуэ ... хъуркъым. **19**. Узыншагъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министр ... Мэрат. **22**. Лъэпщ и Іэмэпсымэ. **24**. КІыщокъуэ Алим и адэщІэр. **25**. ЛІыжьыр мэтхьэусыхэ: «Си къуэрылъу цІыкІур сэхъуащи, ... гуаІэзи хэзгъэтырыкъым». **27**. Пшынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм тет Іэпэ. **28**. Пасэрей Іащэ зэрыпыджэ. **29**. ЗэныбжьэгъуитІыр ... щІауэ зэроцІыху. **31**. ДжэдыкІэ ... е жыг ... **34**. Пхъэщхьэмыщхьэ пльыжь цІыкІу, купкъ илъу. **37**. ... и къуэгъурэ вы и ГъуррэІ. **40**. Сауд Хьэрыпым пэгъунэгъу мусЛъымэн къэрал къулейсыз. **41**. Гъущі куэбжэ зиІэ гъущі ... щощІэ. **42**. ... еуэнымкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм ди республикэм щыщ щІалэм бжьыпэр щиубыдащ. **43**. БэнакІуэ цІэрыІуэ Махуэ Билал и къуажэ.

Къехьу: **2**. Зи нэхэр зэблэпІэ цІыху. **3**. Удзыжь зэщІэкІэжа, е пшэ ... **5**. Пасэрей фоч лІэужьыгъуэ. **6**. Жыг кьуэ щхьэкІэ жаІэ: «Ар ... фІыщІэжь и уасэкъым». **15**. Аргуэй ззэрэ ... къъуейрэ. **17**. Ди лъэпкъэгъу, Урысей Федерацэм и цІыхубэ художник. **18**. МахуэцІэ. **20**. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **21**. Пхъэ уадэшхуэ. **23**. Зимыхьэпшып щэхуу зыгъэкІуасэ. **26**. Зеиншэ. **27**. Гъэмахуэм Іэщым я фэр изых бадзэжь. **30**. Нартыху ... е дыгъэ ... **32**. Шы къэпщІэнтІам къыщхьэщих бахъэ. **33**. Іэзэ къыщэри ... ирищІщ. **35**. Урыс тхакІуэхэм ящІыщу Нобель и саугъэтыр япэу зрата. **36**. Шым и кІуэкІэ. **38**. Іэщхэм я тхьэ. **39**. ... и жапІэр езым къегъуэтыж.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ. .

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаесэЗаурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуэжэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхэмрэ Іуэхуэщапіэхэм ядэпэжьэныбжьэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ экологиемрэ, спортымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорзу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аллэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Мариэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.129 ● Заказ №171